



VALRC

Virginia Adult Learning
Resource Center

Bonjou ,byen vini Nan pwogram Adult Education Nou an.

Ou se yon ansyen oubyen yon nouvo etidyan, ki ta renmen rejwenn yon kou Anglais?

Poun edew ak changeman ki genyen yo , Nou fè ti video sa poun esplikew ki enfomasyon ke responsab pwogram anglais Nou an ap Mandew,pouw ka enskri ladanl.

Tou depann de nivo ou ,ou ka jus ranplil Nan jou inskripsyon an Nan lokal la, ou byen Nan telefôn, oubyen tou ou ka gade video a pouw ka preparew plis ,avan kew antamé pwosesis inskripsyon an.

Preske tout moun ki fè pati de responsab ki pral edew ranplil fòm enskripsyon an pale anglais.

Si ou rete menm kote ak on zanmi ou byen on fanmi ,e ou panse vini Ak yo pou edew komprann enskripsyon an. Tanpri asirew si yap dako avan paske Kovid-19 la change anpil bagay Nan Jan ke yo te konn fèt avan.

Nou remesyew pou kompreasyonw, paske Jan nap fel la ,ap ede Nou ofri pwogram Adult Education Nan Chak ané.

Nou pwomet ou ke nap kenbe tout enfomasyon w yo prive,a koz de lwa FERPA, (Family Educational Rights and policy Act,) ou gen tout dwaw pouw mande, pouw wè fom anregistreman ak infomasyon yo.

Siw enterese fesa, wap jus bezwen kontakte Pwofesèw la.

Ann komanse.

Li tap toujou pi bon, siw gen kat identifikasyonw Nan menw lewap fè enskripsyon an,siw pa genyenl tou, se pa pwoblem . Sof ke li tap edew an ka kew pa ta gen Adresse komplè ou Nan tèt ou.

Yon lot bagay, si pandan wap fè anregistreman epi ou pa komprann on bagay, wka jus di (: “I don’t understand” ki vle di: mpa komprann, “I need more information” ki vle di: mwen bezwen plis enfomasyon.

“Please help” ki vle di: èdem svp .

Sonje byen si youne Nan infomasyon sa yo pa familye pou ou,ou byen anpil ladanl yo pa aplikab pou ou, wpa bezwen reponn yo.

Premyeman yap Mandew NONW.” Name”

Bay ni prenonw ak siyatiw.” Last name “ “ First Name “. Siw gen plus ke yon siyati, tanpri itilize sa ki Nan pyès identifikasyon ou an.(ID) .

Après wap bay adresse ke ou resevwa lèt, “ mailing address”, li ka menm adresse ak sa lakay ou a.

Si se lakay ou ou vle yo voye infòmasyon bawou, adress la dwe komplè . Sa Vle di mete: ville ,etat, ak zip code la. Li impòtan pouw gen Numero kontak ou,ak enfomasyon pèsònèl paw lewap ranpli fom sa.

Paske wap gen pouw bay Numero Telefòn pou yo ka pale avèw, si ou gen plizyè Numero ke yo ka jwenn ou, wap gen pouw moutre sa ki pi fasil pou yo jwenn ou, pou si wap gen pouw resevwa teks message. Epi wap bay email ou,si ou genyen.

Enfomasyon pèsònèl ou pral banou yo , ap konsené Nan peyi kotew soti a, ak yon bon Jan enfomasyon de yon moun pou nou kontakte siw ta gen yon ijans,tankou nonl ak bon Numero tlf li,adres li.

Après wap bay Nivo class ou, swa Nan ozetazini ou byen on lot koté, “ US Based , Non US BASED “

Après wa bay ki denyé class ou te fè. “ What was the highest level of school you completed “ .”” Highest level of school you completed “”Siw pa sonje jus bay ki laj ou t gen Lew t kanpe lekòl.

Pa ekzamp ou ka di : mwen te kanpe lekòl lèm t gen 8 ans.

Après wap bay Numero social ou si ou genyenl,” Social Security “ men se pa yon obligasyon, men lap itil Nou,e Nou Pwomet ou ke nap kenbel Nan on kote ki byen pwotejé.

Epi wap bay date ou fèt. (Date of Birth) .sonje ozetazini ou bay dat ou fèt konsa (mwa a, Jou a, ané a) .

Epi gen 2 kesyon ki konsène ras ou ak kotew soti. Wdwe reponn tou lè 2 .
Premye a se eskew Hispanic ? “ Are you Hispanic “

Dezyem kesyon:” Which best represents your racial origin”. Ki kotew soti exacteman?

Men sa wap ka chwazi kòm repons

- : _American Indian or Alaska Native
- _Asian
- Black African or American
- Native Hawaiian or Other pacific islander
- White

(Souple reponn saw ye a)

Pwochèn branch kesyon yo pral fokis sou siwap travay.

Premye kesyon an ap Mandew : eske ou se moun ki ap travay.

Premye opsyon an se “

“Employed” ki vle di: aktyelman wap travay.

Dezyem opsyon an se : “employed

(But received notice that employment I sending or separation from the military is pending.)”

Pawol sa sinifi ke wap travay c vre, men ou gentan anonse yo kewap kanpe travay la trè bientot .sa vle di ke wap Vinn Nan pati “ Unemployed “ .

Twazyèm opsyon an se:

Unemployed (Looking for a job.

Sa vle di ke ou pap travay, men wap chechè travay.

Siw pap travay wap bezwen di depi kombyen tan ou pa gen travay.

. Denyè opsyon an, se : unemployed (not looking for a job) . Li vle di ke ou pap travay e ou pap chechè travay kounya.

Kesyon ki konsène “travay “ se tout sa ki limitew Nan travay. Kapab gen pluzyè rezon ki koz Ou pa gen travay , ou byen wpa ka genyen travay ou ta renmen genyen an.

Wap bezwen chwazi tout respons ki vrè yo, sa vle di ke ou ka chwazi plus ke yon repons.

Moun kap fè enskripsyon an, ap baw tout repons ou ka chwazi yo. Men se ou menm ki Pou panse vrè rezon yo, avan anregistreman an.

Après yap mandew konsenan lekòl ou Nan Virginia, wbyen on test ki a pe prè sa.

Premye Kesyon an se eskew gen GED.?” Have you taken the GED TEST” GED a se yon examen ke moun ka pran Pouw fini lekòl klasik ou.

Dezyèm kesyon an se:

Eskew gen plan pouw pran GED a Nan douz Pwochen mwa kap vini yo. “ Do you plan to take the GED Test in the next twelve months? “

Siw pa tro komprann sak GED a, e ou pa ko janm pranl, pale sa ak Moun kap fè enskripsyon Pou ou a .

Nou remesyw paskew te pran tanw pouw gade video sa. e preparew pou enskripsyon Nan telefòn ou byen nan randevou Nan lokal la.

Tanpri asirew ke ou gen pyès idantitew, e infòmation kontak pèsònèl ou pandan wap fè enskripsyon an.

Pandan enskripsyon an, si gon bagay ou pa komprann, fè moun kap fè enskripsyon an konnen sa.

Sonje ke Nou fe video sa ,Nan lidé Pou Nou ka kontinye lekòl la. Nou Pwomet ou enfòmasyon yo ap rete pwoteje. E nap tann ou pouw Vinn kontinye lekòl la ak Nou.

Mèsi !